



Pou Piblikasyon Imedya: 22/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL, OTORITE PÒTYÈ A, DELTA AIR LINES AK QUEENS MUSEUM ANONSE NOUVO PATENARYA POU KOMISYONE ATIS KI BAZ NAN NEW YORK YO POU NOUVO TÈMINAL C AYEWOPÒ LAGUARDIA A

Yo chwazi sis atis ki baze nan New York pou montre travay atistik pèmanan nan nouvo Tèminal C Delta Air Lines lan nan Ayewopò LaGuardia a, ki pral ouvri prentan sa a

Enstalasyon atistik ki pote enspirasyon yo sipòte vizyon Otorite Pòtyè a pou transfòme eksperyans kliyantèl la nan LaGuardia a

Nouvo enstalasyon atistik yo selebre eritaj kiltirèl ak divèsite rich Vil New York la, ki onore istwa imigran li an

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul, Direktè Egzekitif Otorite Pòtyè (Port Authority) a, ki se Rick Cotton, Direktè Egzekitif Delta Air Lines ak Queens Museum lan, ki se Sally Tallant, te anonse seleksyon sis atis ki gen renome mondyal, ki baze nan New York pou kreye enstalasyon atistik pèmanan nan gwo echèl nan nouvo Tèminal C nan Ayewopò LaGuardia (LaGuardia Airport) a ki koute 4 milya dola. Pwojè a sipòte vizyon ak plan jeneral Otorite Pòtyè a pou transfòme eksperyans kliyantèl la atravè tout enstalasyon li yo, enkli nan ayewopò LaGuardia atravè zèz atistik piblik ki pote enspirasyon, ekselans operasyonèl, teknoloji 21èm syèk ak fonksyonalite klas mondyal. Yo prevwa sal arive ak sal depa modèn epi klas mondyal Tèminal C a pral ouvri pita nan prentan sa a.

Sis zèv yo komisyone yo se kreyasyon atis Mariam Ghani, Rashid Johnson, Aliza Nisenbaum, Virginia Overton, Ronny Quevedo, ak Fred Wilson. Travay yo genyen ladan eskilti ak penti miral an seramik, ki pral pakouri espas antre ki ranpli ak limyè epi ki gen plizyè etaj nan batiman an, epi ansanm ak afiche nan zòn reklamasyon bagaj yo ak lòt zòn yo toupatou nan tèminal Delta a.

Zèv atistik la rakonte yon istwa konvenkan sou istwa imigran vil la, moun li yo, ak enpòtans pou selebre divèsite atravè vil la. Travay pèmanan yo pral akeyi vwayajè yo pandan y ap antre epi sòti nan nouvo Tèminal C a epi reprezante yon kolaborasyon inik ant yon konpayi ayeryèn, atis, mize ak ayewopò pou ogmante eksperyans vwayaj la atravè zèv atistik vizyèl. Pwojè sa yo pral rasanble zèv atistik piblik ki pote enspirasyon, kolore ak dinamik atravè nouvo Tèminal C a.

"Pandan n ap kontinye transfòmè Ayewopò LaGuardia a an yon destinasyon klas mondyal, nou pran angajman pou fè nouvo tèminal la vin yon selebrasyon Queens kòm konte ki pi divèsifye nan Etazini an", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Lè yo komisyon atis ki renome ki baze nan New York, yo pral akeyi anpil vizitè ak tèm istwa, divèsite ak bote New York. Pandan n ap kontinye rebati pi fò ak pi byen pase anvan, Tèminal C pral sèvi kòm yon senbòl dirab pou New York ki se episant komès ak atistik atravè mond lan."

Rick Cotton, ki se Direktè Ekzekitif Otorite Pòtyè New York ak New Jersey (Port Authority of New York and New Jersey), te deklare, "Nou te etabli yon estanda ki wo pou tout enstalasyon Otorite Pòtyè yo ki fè efò non sèlman pou bay vwayajè yo fonksyonalite klas mondyal, men tou pou pèmèt yo fè eksperyans achitekti sivik klas mondyal ki gen zèv atistik piblik ki enspiran ak atiran. Nou kontan paske Delta Air Lines, antanke operatè Nouvo Tèminal C nan LaGuardia a, te anbrase vizyon nou an epi fè patenarya ak Queens Museum pou komisyon sis bèl pyès atistik piblik ki te kreye pa atis ki baze nan New York."

Prezidan Otorite Pòtyè New York ak New Jersey, Kevin O'Toole, te deklare, "Pandan n ap rekonstwi ayewopò rejyon an yo, nou vle asire ke yo re-akeyi pasaje yo nan enstalasyon modèn, dènye kri ki amelyore eksperyans kliyantèl la atravè yon pwogram atistik inovan ki reflekte lespri rejyon nou an. Chak pami sis pyès sa yo selebre kilti divèsifye ak eritaj rejyon an, e nou kontan dèske yo pral gen yon kay pèmanan nan LaGuardia a."

Direktè Jeneral Delta a, New York Corporate Real Estate, Ryan Marzullo, te deklare, "Nou onore pou pataje talan ak vizyon sis atis enkwayab ki baze nan New York sa yo ak kliyan nou yo kòm yon pati nan eksperyans klas mondyal ke nou pral bay nan tèminal tounèf iltra modèn nou an. Toupatou nan nouvo Tèminal C Delta a, nou pral montre pèspektiv inik vil etonan sa a, moun li yo ak kilti li, sa k ap amelyore avantaj vwayaj kliyan nou yo nan chak etap nan chemen an. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul ansanm ak patnè nou yo nan Otorite Pòtyè a ak Queens Museum paske yo te ede nou fè vizyon sa a vin yon realite."

Prezidan Queens Museum lan, Sally Tallant, te deklare, "Nou kontan dèske n ap travay ak Delta Air Lines pou komisyon nouvo zèv atistik pèmanan pa atis k ap mennen nan mond lan k ap viv ak travay nan Vil New York, ki se destinasyon kiltirèl ki pi enteresan nan mond lan. Li apwopriye pou nou akeyi tout moun, vizitè yo ak rezidan yo, avèk yon nouvo tèminal ki prezante zèv atistik ki reflekte lespri ak kreyativite vil la. Nou rekonesan anvè tout atis ki fè Vil New York vin yon kote ki enkwayab pou vizite ak viv, ak Delta Air Lines pou vizyon remakab yo."

Enfòmasyon anplis sou chak atis yo:

- **Mariam Ghani:** Travay Ghani opere nan entèseksyon istwa, memwa, lang, ak pèt epi li nan koleksyon pèmanan Guggenheim Museum, Smithsonian American Art Museum, ak St. Louis Art Museum, pou mwen site sa yo sèlman. Pyès li a

pral sèvi ak kawo mozayik pou kreye yon vizyalizasyon grafik, amizan, ak kolore konsènan Kat Lengwistik Vil New York la, ki montre divèsite enkonparab Vil New York ak zòn twa eta a.

- **Rashid Johnson:** Johnson itilize yon pakèt medya pou eksplòre tèm istwa atistik konplèks ak idantite kiltirèl pataje yo; yo rekonèt li pou naratif li ki entegre yon seri pwenti materyèl ak objè kotidyen, souvan ki asosye ak anfans li epi ki souvan fè referans ak aspè kolektif istwa entelektyèl Afriken Ameriken ak idantite kiltirèl. Enstalasyon li an, yon mozayik masiv, pral reflekte enèji ak eksitasyon vwayaj pandan y ap kaptire divèsite kolektif.
- **Aliza Nisenbaum:** Yo sitou rekonèt Nisenbaum pou penti a gwo echèl ki gen selebrasyon divès sijè ak gwoup kominotè; twal kolore li yo te prezante anplwaye tren yo, travayè swen sante yo, gad sekirite yo, ak imigran san papyè yo. Penti li a pral montre moun ki fè vwayaj ayeryen posib nan nouvo tèminal Delta a, ki gen ladan non sèlman ajan sèvis kliyantèl Delta a yo, moun ki ap jere malèt yo, pilòt yo, ajan ki abò yo, gad sekirite ak asistan chèz woulant yo, men tou reprezantan ki soti nan Otorite Pòtyè a ak TSA.
- **Virginia Overton:** Travay Overton yo gen ladan enstalasyon, eskilti ak travay sou papyè, ki souvan kòmanse yon fason entwitif kòm yon repons dirèk nan yon espas patikilye. Materyèl ki souvan asosye ak achitekti tankou metal, vè ak ekleraj yo konfigirasyon nan travay ki montre pouvwa ak delikatès. Enstalasyon li an enspire nan estrikti likàn anblematik ki anlè anpil batiman nan Vil New York yo, sa ki kreye yon seri "jwayo" ke yo dwe tache nan plafon atriòm lwès la.
- **Ronny Quevedo:** Quevedo eksplòre trajèktwa ansyen ak pèsònèl migrasyon ak deplasman atravè medya mik ak eskilti. Enstalasyon Quevedo a, ki gen planche jimnazyòm, se yon omaj yo bay konstelasyon moun ak kominote yo ki dinamize epi fòme peyizaj Vil Nouyòk la.
- **Fred Wilson:** Wilson defye sipozisyon sou kilti, istwa, ak ras; eskilti li a prezante glòb etwale anblematik atis la ki vize ranfòse enpòtans anviwònman an ak koneksyon ki ini moun yo kòm yon sèl kominote mondyal.

Tèminal C ki mezire 1.2 milyon pye kare nan LaGuardia pral yon lòt gwo etap istorik nan konstriksyon yon nouvo Ayewopò LaGuardia konplè. Pwojè redevlopman 4 milya dola Delta Air Lines lan, ki te kòmanse an 2017, pral ranplase Tèminal C ak D ki demode yo pa yon nouvo Tèminal C. Yon karakteristik kle nouvo tèminal la se ke tout 37 pòtay yo pral aksesib atravè yon sèl sal arive ak depa olye ke yo divize ant de estrikti li pral ranplase a. Nouvo sal arive ak depa Delta a pral ouvri nan prentan 2022 a epi li pral gen ladan tou ouvèti yon sal datant ki mezire 230,000 pye kare ki akomode 10 nouvo pòtay epi ki gen rèstoran ak boutik ki byen popilè.

Yo pral devwale plis enfòmasyon sou patenarya ak zèv atistik la pi pre ouvèti Tèminal la nan prentan 2022 a. Pou plis enfòmasyon sou Queens Museum, tanpri vizite queensmuseum.org.

Konsènan Pwojè Reyamenajman LaGuardia

Pwojè LaGuardia a se premye nouvo gwo ayewopò ke yo konstwi nan Etazini nan 25 dènye ane yo. An 2015, yon plan konplè pou konstwi yon Ayewopò LaGuardia totalman nouvo te devwale avèk objektif pou kreye yon eksperyans pasaje 21èm syèk ak klas mondyal ki gen ladan ekipman modèn pou kliyan yo, achitekti trè modèn, plis espas nan zòn pòtay yo ak yon sistèm tèminal ki konekte. Pwojè 8 milya dola a, ke yo ap finanse de tyè ladan li pa mwayen finansman prive ak frè pasajè aktyèl yo, te inogire an 2016.

Pwojè a ap demoli nòmalmman chak etablisman pasaje ak bati nouvo etablisman klas mondyal 21èm syèk. LaGuardia rete ouvè pandan tout peryòd konstriksyon an. Nouvo ayewopò a ap konstwi an plizyè faz pou asire ke ayewopò a pa janm pèdi kapasite li. Yo te dwe konstwi nouvo enstalasyon yo anvan yo te kapab demoli ansyen enstalasyon yo pou pèmèt ayewopò a kontinye fonksyone nan tout kapasite li.

An fevriye 2018, nouvo pakin Tèminal B a te ouvè avèk plis pase 3,000 espas pakin ak yon etaj ki konsakre pou Uber, Lyft ak lòt sèvis machin yo lokasyon yo. Nan mwa desanm 2018, yo te ouvri premye nan 18 nouvo pòtay yo ak premye nouvo sal datant Tèminal B a. Nan mwa oktòb 2019, Delta Air Lines te ouvri premye nouvo sal la ak sèt nouvo pòtay. Nan jen 2020, yo te ouvri nouvo Sal Arive ak Depa yo nan Tèminal B. An janvye 2022 a, ayewopò a te selebre ouvèti dezyèm nouvo sal datant Tèminal B a ak dezyèm nouvo pon ayeryen pou pyeton ki te make finisman Tèminal B a.

Pi gwo etap konstriksyon yo kounye ap deplase nan ekstremitè lès ayewopò a. Anplis li ofri dènye teknoloji ak ekipman klas mondyal, nouvo Tèminal C Delta a, tankou Tèminal B a, pral prezante zèv atistik piblik ki enspire ki pral rakonte istwa imigran New York la, moun li yo ak enpòtans ki genyen nan selebre divèsite. Pwogram atistik nan Tèminal C a se rezilta yon kolaborasyon ant Delta Air Lines ak Queens Museum, epi li pral gen ladan travay sis atis ki gen renome mondyal epi ki baze nan New York.

Ayewopò LaGuardia a pral fini nèt an 2022 epi pral yon resous pou devlopman pandan New York ap rekipere li apre pandemi COVID-19 la.

###